

Atansyon, Prepare, Koupe

Nan Itilize Sizo yo avèk Ti Men yo

Aprann itilize sizo yo kapab bay laperèz pou pran ak moun ki ap bay swen yo, men amizan ak angajan pou timoun yo. Timoun yo ta dwe bati ak pratike konpetans sizo yo a pandan tan an ap pase.

Avan yo itilize sizo yo, timoun yo bezwen devlope dwèt yo ki solid ak bon kowòdinasyon ant men ak je. Sipòte konpetans pou sizo bonè yo nan fè timoun ou an: Chire papye. Jwe avèk pat amodle. Jwe avèk aplikatè konton yo. Ranmase objè avèk pensèt yo. Pratike chante ou ka jwe ak dwèt, tankou “The Itsy-Bitsy Spider (Arenye Tou Piti a)”.

Konsèy sou Zouti yo

Sizo yo se zouti, se pa yon jwèt. Timoun yo pa te dwe janm mache oswa kouri avèk sizo. Pale sou sa ki kòrèk pou koute (papye, pat amodle), ak kisa ki pa kòrèk pou koupe (rad, cheve). Kòmanse avèk sizo pat amodle an plastik yo. Answit, eseye sizo an papye yo (sèlman lè ou ak timoun ou an prepare).

Bagay pou ou Eseye avèk Timoun ki gen 2 ak 3 Ane yo

- **Moso pat amodle.** Timoun ou an kapab pratike konpetans aprann koupe bonè avèk sizo pat amodle a. Woule kèk pat amodle pou li vini yon “koulèv” long. Yo kapab itilize sizo yo pou koupe moso long lan pou li vini ti moso kout.
- **Koupe nan Pat Amodle yo.** Kraze pat amodle pou li vini yon galèt. Ankouraje timoun ou an pou li itilize sizo pat amodle a yo pou fè ti koupe soti nan rebò galèt la pou ale nan mitan an. Yo kapab eseye koupe galèt ki pi gwo yo ak galèt ki pi mens yo.
- **Pens Papye yo.** Lè timoun ou an prepare, entwodwi sizo papye a. Koupe yon sèk avèk yon gwo papye. Montre timoun ou an fason pou li kenbe sèk la epi itilize sizo an papye a pou fè ti koupe soti nan rebò galèt la pou ale nan mitan an. Yo kapab koupe tou won nèt nan rebò a pou kreye yon bòdi (tankou touf plim nan kou yon lyon oswa petal flè yo). Ba li kreyon koulè pou li desine sou fòm ki fini an.



Prensip Fondamantal yo

Ede timoun ou an aprann fason pou itilize zouti sa a. Montre li fason pou:

- Plase pous li andedan manch ki anwo a.
- Glise endèks li ak lemajè li andedan manch long anba a.
- Depoze rès dwèt yo a san peze pa deyò manch anba a pou sipòte sizo a.
- Itilize lòt men yo a pou kenbe nenpòt bagay yo ap koupe.
- Ouvri ak fèmen sizo a pou koupe.



Plis! →

Bagay pou ou Eseye avèk Timoun ki gen 3 ak 5 Ane yo

- **Swiv liy lan.** Sou yon fèy papye, liiy, dwat soti nan anwo rive jis anba. Montre timoun ou an fason pou li koupe liy lan. Yo ka eseye avèk yon liy ki pi mens. Yon liy koub. Yon liy an zig zag. Oswa yon liy yo trase yomenm.
- **Fòm fondamantal yo.** Desine twa fòm debaz sou papye (kare, sèk, ak triyang). Mande timoun ou an koupe pou detache yo. Pa enkyete ou si fòm yo pa soti pafètman byen. Li ka itilize kòl oswa riban adezif pou fè yon kolaj avèk papye li koupe yo.
- **Dekoupaj otokolan yo.** Kite timoun ou an mete kèk otokolan wonn sou yon moso papye. Ankouraje li koupe ant otokolan yo jiskaske yo detache youn ak lòt. Answit, yo kapab itilize kòl oswa riban adezif pou ajoute wonn sou kolaj la.



Remake: Yo ka jwenn founiti ki soulinye yo nan kit ou a. Founiti ki an *italik* yo ou gendwa genyen yo lakay ou oswa ou kapab itilize yon bagay ki sanble.

Bagay pou ou di

“Pran tan ou. Sizo ka konplike.”

Koupe ak sizò pran anpil pratik! Se travay rèd pou yon timoun, kidonk rete pozitif ak ankourajan.

Kisa ou ta renmen koupe?”

Bay timoun ou an kèk chwa sou sou kisa pou yo koupe. Bay timoun ou an ansyen depliyans oswa papye resikle epi kite timoun ou an koupe yo nennèt fason yo vle.

“Waw! Mwen kapab wè ke ou ap eseye anpil pou pratike koupe.”

Aplodi efò a, pa pwodwi a. Menm si fòm yo an dezòd, timoun ou an toujou te travay di pou fè li.